# МӘНАЎИЯТМЫЗДА МИЛЛИЙ ӨЗЛИКТИ АҢЛАЎ

**Н.Жамалов, Б.Ибадуллаев** – *магистрантлар*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** ўзликни англаш, миллий ғоя, маьнавият, миллий мерос, миллий тарбия, одоб-ахлоқ, миллий қадрият.
**Ключевые слова:** самосознание, национальная идеология, духовность, национальное достояние, национальное воспитание, этикет вежливости, национальная традиция.
**Key words:** self-awareness, national ideology, spirituality, national heritage, national education, ethies, national tradition.

Миллий өзликти аңлаў мәселесин сөз етер екенбиз, ең дәслеп өзликти аңлаўдың әмелге асыўы өзине тән бир қанша факторлардың тийкарында жүзеге келиўине нәзер аўдарыўымыз керек. Булар-ата-бабаларымыздан бизге шекем әўладтан-әўладқа өтип киятырған миллий мәдений мийраслар, диний қәдириятлар, өзимизге тән болған миллийлик руўхында суўғарылған миллий тәрбия ҳәм сондай-ақ, "төртинши ҳәкимият" деп аталыўшы ғалаба хабар қуралларында миллий мийрас, миллий мәдениятқа дерек мәселелердиң сәўлелениўи. Ҳәзирги күнде миллетимиз уллы мақсетлерге ерисиўде үлкен руўхый ҳәм идеялық тәрбия жумысларын әмелге асырып бармақта. Бул мәселеде, әсиресе, журтымыздың келешеги болған жаслардың ҳәр тәреплеме кәмил инсанлар болып тәрбияланыўына, олардың ой-өриси ҳәр қыйлы жат идеялар тәсиринде зәҳәрленип, диний экстремизм, терроризм сыяқлы динди ықап етип алған топарлардың бузыўшы идеяларына төтепки бере алатуғындай идеологиялық иммунитетке ийе, муқаддес динимиз - ислам дининиң сап ағартыўшылық идеяларын өз бойында жәмлеген болып тәрбияланыўына үлкен итибар қаратылып, буның ушын Президентимиздиң тиккелей басшылығы астында жүдә көплеген ислер қылынбақта. Бул ҳаққында Президентимиз Ш.Мирзиёев былай деген еди: «Бизиң тәжирийбемиз соны көрсетпекте, биринши гезекте, жасларды илим-билимге үйретиў, оларға ислам дининиң инсансүйўшилик мәнисин, ислам мәдениятының ҳасыл қәдириятларын жеткериў экстремизмге қарсы гүрестиң ең жедел қуралы есапланады. Бул тийкарда биз Самарқандта Имам Бухарий халық аралық илимий-изертлеў орайын ҳәм Ташкентте Ислам цивилизациясы орайын шөлкемлестириўге қарар қылдық» [1]. Мәнаўияты, мәденияты жоқары дәрежеде раўажланыў, халқымыздың миллий өзлигин аңлаўда оған күш-қуўат ҳәм имканият береди. Миллий өзликти аңлаў – белгили бир этносқа тәнлик, өз ата-бабаларының позитив искерлигинен мақтаныў, өтмишке, миллий қәдирият ҳәм үрп-әдетлерге ҳүрмет-иззет, өз миллети ҳәм ўатанласларының табысларынан руўхланыў, өз искерлигин миллет ҳәм инсанoccupied цивилизациясы раўажына қаратыў, усы аспектлерди ҳәр тәреплеме нәсиятлаў керек. Миллий өзликти аңлаў социаллық-тарийхый қәлиплесиў процесине позитив мүнәсибетте болыў, өз этникалық топарының өзге этникалық топарлар менен улыўмалық тәреплери ҳәм өзине тән өзгешеликлерин терең аңлаў менен бир қатарда өз этникалық топарының өзге этнослар шеңбериндеги орны, абырайы, мәп ҳәм идеялары ҳәм де миллий-тарийхый қәдириятларына унамлы мүнәсибетте болыў; ҳәр бир этнос миллий менталитетиниң қәлиплесиўи ҳәм раўажланыўында тарийхый-мәдений факторлар тәсирин аңлаў, өзликти аңлап, өзге этникалық топар ўәкиллериниң тарийхы, мәденияты, үрп-әдетлерине ҳүрмет пенен қараў; өз миллий-территориялық бирлигинде жасаўшы миллет ўәкиллери тәғдири, олардың өтмиши ҳәм келешегине, журттың гүллениўине жуўапкершиликти терең сезиниў менен бир қатарда басқа мәмлекетлерде жасаўшы миллет ўәкиллериниң де тәғдирине бийпарық болмаў киби аспектлерде де өз мәнисин табады. Инсан, ең биринши нәўбетте, өзлигин толық аңлап, түсинип, билип алыўы керек. Өзиниң кимлигин, өзинин толық имканиятларын билетуғын инсанлар, басқалардың ишки дүньясын түсиниўи, қәдирлеўи мүмкин.

Өзликти анлаў-инсанның өзин жеке жан сыпатында путкил болмыстан ажырата билиўи, бахалаўы, қәдирият сыпатында аңлаўын сәўлелендириўши түсиник. Өзликти анлаў-бул жәмийет алдында турған ўазыйпаларды дурыс аңлаў, ата-бабаларының өмирлик тәжирийбелерин пайдаланыўды билиў, сондай–ақ, ўатан ҳәм миллет алдындағы жуўапкершилик сезимин билиў есапланады.

Миллий өзликти аңлаў-бул халықтың миллеттиң өз тарийхый өтмишин ата-бабаларының ким екенлигин, тарыйхый мийрасын, миллий тили, үрп-әдетлери қәдириятларын билип аңлап жетиў болып табылады. Ғәрезсизлик бизге бир қатар имканиятларға жол ашты: тарийхымызды еркин жаратыў, қәдириятларымызды тиклеў, миллий өзликти аңлаў сыяқлы қубылысларды жаратты.

Миллий өзликти анлаў шахс мәнаўиятының әҳмийетли белгиси болып, шахс ҳәм жәмийеттиң мәнаўий камалатында пуқаралық жәмийетиниң материаллық ҳәм руўхый тийкарларын беккемлеўде үлкен әҳмийетке ийе. Өзликти анлаў инсанды шахс дәрежесине көтерип, мәнаўий камалатқа жетеклейтуғын күш болып табылады. Өзликти анлаў жәмийетлик сиясый қубылысларда актив қатнасыў, жүз берип атырған ўақыя-ҳәдийселерди терең аңлап жетиўди билдиреди. Өзликти аңлаў ҳәм өзин басқарыў тарийхый раўажланыў процеси даўамында, яғный, мийнет етиў ҳәм жәмийетлик қатнасықлардың тәсиринде жетилисип, раўажланып барған.

Өзликти анлаў идеясына тек бүгин ғана итибар қаратылып атырғаны жоқ. Бул мәселе бойынша адамзат тарийхының барлық дәўирлеринде толғандырарлық маңызлы мәселе сыпатында көрилген, мәселен, әййемги грек философы Сократ биринши болып "өзинди өзиң аңла ҳәм бил" деп айтып қалдырған. Сократ ушын өзин аңлаў дегенде, инсан өзине не пайдалы ҳәм не нәрселерге уқыплы екенлиги түсиниледи. Ал, бүгинги күнде миллий өзликти аңлаў мәмлекетимиздиң ең тийкарғы мақсетлериниң бири болып есапланады. Өзлигимиз деген нени аңлатады? Бизиң ата-бабаларымыз өз миллетиниң тарийхынан сөз етиўши шежиресин билиўге үйретип келген. Оларды ата-бабаларымыздың ислери менен мақтаныў, қуўаныў руўхында тәрбиялаған. «Жети атасын билмеген- жетимликтиң белгиси» деген пикирдиң әдеўир терең мәниси бар. Сол айтқандай, ҳәр бир перзент, мейли ол ер бала болсын, мейли қыз бала болсын жети атасының атын билиўи, олардың елге қосқан үлесин, басып өткен жолын, қай жерлерде жасағанын билиўи керек. Бул- тарийх, бул-естелик, бул-үлги. Ата-балаларымыз жаратқан руўхый мийрасқа ийелик етип, миллий өзлигимизден нәр алып тәрбияланған инсан ғана ғәрезсизлик идеяларын әмелге асыратуғын, оны сақлайтуғын ҳәм қорғайтуғын жоқары пазыйлетли инсан болады.

Демек, өзлигимизди билиўдиң ҳәм оған ийелик етиўдиң әҳмийети жүдә жоқары, өзлигимиздиң ең әҳмийетли мәселелериниң бири тәбиятты ардақлаў жолы, саўаплы, ийгиликли болған ҳәр қыйлы ислерди ислеў. Сондай-ақ, кишипейиллик пазыйлети, бизиң халқымыздың, ата-бабаларымыздың қәстерлеген қәдирияты. Бул ҳаққында профессор ҳәм академик Ж.Базарбаев «үлкен адамлардың уллылығы, киши адамларға қатнасығындағы әлпайымлылығынан көринеди», - деп пикир билдиреди [3].

Ҳәр бир халық өзиниң тили менен, үрп-әдетлери менен ажыралып турады. Тил-оның қорғаны ҳәм жаратыўшысы және өзлиги. Солай етип, тил халықтың қорғаны болып өзлигин сақлайды. Алдынғы дәўирде ески түркий, арабша сөзлерди диний сөзлер деп қолланыўдан қорқатуғын еди. Ана тилимизди байытыў ески бабаларымыз қоллаған сөзлерден пайдаланыў ўақты келди. Тилимиз ҳаққында Өзбекстан Қаҳарманы И.Юсуповтың

Ана тилим, сен - басқадан айырмам,
Сен турғанда мен әдеўир шайырман.
Сонша қатал сүргинлерге жоғалмай,
Бул күнлерге жеткениме қайылман. - деп тилге үлкен баҳа берген.

Өзлигин аңлап жеткен, өз миллийлигине садық жаслардың қатарын көбейтиўге қаратылған мәмлекет сиясаты бүгинги күнде ҳәмме тараўларда алғыр болған, саламат бәсекиге түсе алатуғын руўхыяты жетик, билимли болған келешек ийелериниң ерисип атырған ҳәм еле де қолға киритетуғын жетискенликлери ең әўеле елимиз басшысының исенимин ақлаўдай шарапатлы ўазыйпаны желкелерине жүклеўи сөзсиз. Ҳүрметли Президентимиз Ш.Мирзиёев, «жасларымыз-дың өз бетинше пикирлейтуғын, жоқары интеллектуал ҳәм руўхый билимге ийе болып, дүнья көлеминде өз теңлеслерине ҳеш қайсы тараўда бос келмейтуғын инсанлар болып камал табыўы, бахытлы болыўы ушын мәмлекетимиз ҳәм жәмийетимиздиң бар күш-имканиятларын жумсаймыз» [2]-деп исеним билдириўи жасларымыз ушын айдын келешек жолындағы пәрўазында ҳақыйқый қол-қанат бағышлайды.

**Әдебиятлар**


1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш.М.Мирзиёевнинг Самарқанд шаҳрида бўлиб ўтган «Марказий Осиё: ягона ва умумий келажак, барқарор ривожланиш ва тараққиёт йўлидаги ҳамкорлик» мавзусидаги халқаро конференцияда сўзлаган нутқи. 2017 й.
2. Мирзиёев Ш.М. «Ўзаро ишонч, яхши қўшничилик ва дўстликни янада мустаҳкамлаш – энг муҳим вазифа» – Қозоғистон пойтахти Остона шаҳрида бўлиб ўтган Шанхай ҳамкорлик ташкилоти давлат раҳбарлари кенгашининг кенгайтирилган таркибдаги мажлисида сўзлаган нутқи. 2017 йил 8-9 июнь.
3. Базарбаев Ж. «Әдеп философиясы» 2010.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада кўтарилган масала маънавиятимизда миллий ўзликни англаш масаласи бўлиб, бундан кўзланган мақсад, ёшларни миллийлик асосида тарбиялаш масаласига бағишланган. Чунки биз келажак эгалари бўлган ёшлардан фақат яхши ишларни, амалларни кутамиз, лекин шуни унутмаслигимиз керакки, ёш авлоддан бирор нарсани талаб қилиб, кутишимиздан олдин уларга шу нарсани берган бўлишимиз лозимдир. Агар биз ҳозир ёшларни ҳар тарафлама комил ва эзгу ғояларни ўзида жамлаган ҳолда, миллийлик руҳида тарбияласақ, уларга шу руҳни сиңгдира олсак, бундан, албатта, худди шундай эзгу, яхши натижаларни олишдан умид қилсак бўлади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается проблема особенностей национального своеобразия как важный вопрос сегодняшнего дня, цель данной проблемы направлена на влияние национального своеобразия на воспитание. Мы ждём от молодёжи только хорошие поступки, действия, но мы не должны забывать, о том что прежде всего мы сами должны им дать это. Если молодое поколение воспитывать в национальном духе, то мы можем надеяться получить хорошие результаты.

**SUMMARY**

In the article we consider the problem of national identity as an important issue of today, the goal of this problem is aimed at the influence of education on the basis of national identity. We expect only good deeds and actions from youth, but we should not forget, that demanding any achievement from the young generation, we should give them this. If we now educate our young generation in a national spirit, containing comprehensively educational and noble ideas, if we absorb this national spirit in them, we can hope to get good results.


## ЖАМИЯТИМИЗДА ИСЛОМ ҚАДРИЯТЛАРИНИ ШАКЛЛАНТИРИШНИНГ РОЛИ


**М.Маҳмудова** – *педагогика фанлари доктори, профессор*
**Э.С.Шамуратова** - *докторант*
*Самарқанд давлат чет тиллари институти*



**Таянч сўзлар:** қадрият, оила, дин, маънавият, тафаккур, мерос, таълим-тарбия.
**Ключевые слова:** ценность, семья, религия, духовность, мышление, наследие, образование.
**Key words:**value, family, religion, spirituality, coguition, heritage, education.


Жаҳон илм-фани ривожида ислом цивилизациясини яратган олимлар, хусусан, Моваруннаҳр уламою фозилларининг диний ва илмий мероси эътироф этилган объектив ҳақиқатдир. Улар яратган, «бой ва ноёб меросни илмий асосда ҳар томонлама чуқур ўрганиш, ... улар билан халқимиз ва жаҳон жамоатчилигини кенг таништириш» [5] давлатимизнинг истиқболли ривожланиш стратегиясига алоқадор вазифа бўлиб, айниқса, оилавий таълим ва тарбия тизимидаги ўтмишда мавжуд бўлган назариялар ва қарашларни ўрганиш долзарблик касб этади.

XXI асрда "илк Шарқ Уйғониш даври – Мусулмон Ренессанси деб ном олган ўрта асрларда бугунги Ўзбекистон заминидан етишиб чиққан буюк аллома ва мутафаккирларнинг жаҳон илм-фани ривожига қўшган бебаҳо ҳиссаси дунё илмий жамоатчилиги томонидан ҳақли равишда тан олинди" [3:288]. Машҳур олим ва файласуф Жон Уильям Дрейпернинг фикрига кўра, "Ислом даври илмлари ўз интеллектуал таъсирини Европага ўтказди" ҳамда "Европанинг бугунги улуғ зиёси мусулмонлар ёққан чироқларнинг ёғдусидан майдонга келди".

Ислом Уйғониш даврида айнан дин арконлари қадриятларнинг асосини ташкил қилди ва ислом феноменининг бетакрор хусусиятига айланди. Араб-мусулмон маданияти таркибида инсон ахлоқи, феъл-атвори, кундалик турмуш тарзи, ўзини тутиш ва жамоада яшаш, никоҳ, оила ва оилавий ҳаёт тартиби ва қоидалари, исломда иқтисодий муносабатлар, ислом қонунчилиги ва фиқҳга оид қадриятлар тизими тарбия қилинди. Ислом қадриятлари Қуръон, фиқҳ, ҳадис, ақида, калом, ислом ахлоқи, эстетик тасаввур, маданият, шунингдек ислом алломалари, шоирлари, дин, давлат ва маданият арбоблари асарларида тарауннум қилинди ва авлоддан-авлодга диний-маънавий тарбия концепцияси ва категориялари сифатида ўтказилди. Ислом ахлоқи, эстетикаси, дунё ва инсон муносабатлари, шахс шаклланишига оид қарашлар тизими араб-мусулмон маданияти таркибида мумтоз ва замонавий араб, форс, ўзбек, уйғур, турк, озарбайжон, тожик, афғон ва бошқа миллий адабиётларда, ислом фалсафасида бадиий ва илмий жиҳатдан ифода этилди. Ислом қадриятлари ислом тафаккурининг беқиёс унсурига, мусулмон шахси ва турмуш тарзининг эталонига, эътиқодли инсон ҳаётининг ижтимоий-маънавий ва этик-эстетик стандартига айланди.

Араб-мусулмон маданияти таркибида Моваруннаҳр олимлари ҳам қадриятлар акс этган ноёб ва бой мерос қолдирдилар. Аждодларимизнинг мазкур қадриятларга доир ёзма меросини ўрганиш, ислом артефактларини қайта тиклаш, жумладан,